









# QARAQALPAQSTANRESPUBLIKASI KÁRXANA HÁM SHÓLKEMLER DEMOGRAFIYASI BOYINSHA MAĆLIWMAT

*2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına*
*(fermer hám diyqan xojalıqlarınan basqa)*

## Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń jıllar kesiminde sanı, *birlikte*
*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




Mámleketimizde qolay isbilermenlik ortalıǵın jaratıw hám isbilermenlikti jedel rawajlandırıwda bir qansha ózgerisler ámelge asırılıp atır. Óz ornında, isbilermenlik sub'ektlerin mámleketlik dizimnen ótkeriw hám esapqa qoyıw barısında da nızamshılıqta zárúrli qararlar qabıl etilip, mámleketlik dizimnen ótkeriw hám esapqa qoyıwdıń avtomatlastırılǵan usılı basqıshpa-basqısh islep shıǵarılmaqta hám turmısqa engizilmekte. Bul bolsa xalıqtın hám shet el qarjı investorlarınıń jeke biznesin jolǵa qoyıwda hám rawajlandırıwda tiykarǵı faktor bolıp xızmet etedi.

## Kárxana hám shólkemlersanı, *birlikte*
*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*

| | |
|---|---|
| Dizimnen ótken kárxanalar | 21 382<br>115,5 % |
| Hárekettegi kárxanalar | 20 535<br>113,9 % |
| Jańadan ashılǵan kárxana *(2020-jılda)* (YANGI) | 3051<br>97,0 % |

**Yuridik shaxs:**

Óz jumısların júrgiziwinde yamasa operativ basqarıwında óz aldına mal-mulkke iye bolǵan hám de óz minnetlemeleri tiykarınan usı mal-múlk penen juwap beretuǵın, o'z atınan mulki yamasa jekemulk siz huquqlarǵa iyelik etealatuǵın hám olardı ámelge asıra alatuǵın, minnetlemelerdi atqara biletuǵın, sudtadawager hám juwapker bola alatuǵın shólkem **yuridikalıq shaxs** esaplanadı

# Klassifikator boyınsha dizimnen ótken kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı,*birlikte*

*2020-jıl 1- oktyabr jaǵdayına)*

**12 331**



**Juwapkershiligi sheklengen jámiyet**

**1 537**



**Shańaraq kárxanalar**

**119**



**Unitar kárxanalar**

**3 452**



**Jeke kárxanalar**

**27**



**Aksionerlik jámiyeti**

**274**



**Basqalar**

***Juwapkershiligi sheklengen jámiyet***
*birlikte*




***Jeke kárxanalar***
*birlikte*




**Juwapkershiligi sheklengen jámiyet**

*Bir yamasa bir neshe shaxs tárepinen shólkemlestiriw etilgen, ustav fondı (ustav kapitalı ) shólkemlestiriw hújjetleri menen belgilengen muǵdarda úleslerge bólingen xojalıq jámiyeti juwapkershiligi sheklengen jámiyet dep esaplanadı. Juwapkershiligi sheklengen jámiyetiniń qatnasıwshıları onıń minnetlemeleri boyınsha juwapker bola almaydı hám jámiyet iskerligine baylanıslı ziyanlar ushun ózleri qosqan úlesler ma`nisi sheńberin de juwapker boladı.*

## Hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*







## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kárxana hám shólkemler sanı,*birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*



## Klassifikator boyınsha hárekettegi kommercialıq kárxanalardıń ulıwma sanı,*birlikte*

*2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına)*




2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına hárekettegi kommercialıq kárxanalar hám shólkemler 16 973 dı qurap, sonnan juwapkershiligi sheklenen jámiyet- 11 828, jeke kárxanalar -3 287, shańaraq kárxanalar -1 461,unitar kárxanalar - 110, aksionerlik jámiyeti - 27 hám basqalar - 260 ti quradı.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(yanvar-sentyabr aylarında, birlikte)*



## Ekonomikalıq xızmet turleri boyınsha jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemler sanı

*(2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında)*




## Jańadan ashılǵan kommercialıq kárxanalardıń Ulıwma sanı boyınsha ulesi

*(2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında)*




2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında 3 051 kárxana hám shólkemler jańadan ashıldı.

Sonnan juwapkershili sheklen -gen jámiyetler -2 032, jeke kárxanalar - 330, shańaraq kárxanalar - 489, shólkemler - 55 hám basqalar -145 dı quradı.

## Hárekettegi awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı tarawındaǵı kárxanalar hám shólkemlerdiń jámine, úlesi

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




## Hárekettegi sanaat kárxanaları hám shólkemlerdiń sanı boyınsha maǵlıwmatlar, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına sanaat kárxanalar hám shólkemler sanı 2 683, ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 119,6 % ke ósti.

Jámi sanaat kárxanalar hám shólkemler - (ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda), Islep shıǵarıw (qayta islew) sanaati - 119,5 % ke (jámine ulesi 90,5 %), taw-kán sanaatı hám ashıq kanlerdi islew - 115,7 % ke (jámine ulesi 6,6 %), elektr, gáz, puw menen táminlew hám hawanı konditsiyalaw - 154,2 % ke (jámine ulesi 1,4 %) hám suwmenen támiyinlew, kanalizatsiya shıǵındılardı jıynaw hám utelizatsiyaislew - 117,4 % ke (jámine ulesi 1,5 %) oʻskenligin koʻriwimiz múmkin.

## Qurılıs tarawı boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler haqqinda mağlıwmat, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jağdayına)*




2020- jıl1- oktyabr jağdayına qurılıs tarawi boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 2 253, ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 105,0 % ke ósti. Jámi qurılıstarawi boyınsha kárxana hám shólkemlersanı imáratlar qurıw ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 100,2 % ke (jámine ulesi 60,0 %), puxaraliq obektlerin qurıw - 114,8 % ke (jámine ulesi 8,9 %), qánigelestirilgen qurılıs jumısları - 112,7 % ke (jámine ulesi 31,1 %) ósiwin kóriwimizge boladi.

## Sawda boyınsha hárekettegi kárxanalar hám shólkemler sani, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jağdayına)*

2020- jıl1- oktyabr jağdayına sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı 5 042 ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 123,8 % ke ósti.Jámi sawda boyınsha kárxana hám shólkemler sanı-usaqlap satiw (jenil mashina hám mototsikllerden tisqari) ótken jılǵá salıstırǵanda- 126,6 % ke (jámine ulesi 69,4 %), kótere sawda(jenil mashina hám mototsikllerden tisqari) ótken jılǵá salıstırǵanda- 113,8 % ke (jámine ulesi 22,4 %),jenil mashina hám mototsikllerdi kotere hám usaqlap satıw sawdası hám olardı ońlaw ótken jılǵá salistirǵanda-130,7 % ke (jámine ulesi 8,2 %) ósiwin kóriwimizge boladi.



## Shańaraq kárxanalar sanı, *birlikte*
*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




Klassifikator boyınsha dizimnen ótken shańaraq kárxanalar sanı 2020- jıldıń 1-oktyabr jaǵdayına 1 537,ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵan da 546 ti yamasa 155,1 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

Hárekettegi shańaraq kárxanalar sanı 1 461,ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 498 di yamasa 151,7 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2020- jıl yanvar-sentyabr aylarinda jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalar sanı 489 ti qurap,bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 172 ke yamasa 154,2 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

## Juwapkershiligi sheklengen jámiyetler sani, *birlikte*
*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*

Klassifikator boyınsha dizimnen ótken juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sani 2020- jıldıń 1- oktyabr jaǵdayına 12 331, bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵan da 2 056 ni yamasa 120,0 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sanı 11 828,bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 1 810 di yamasa 118,1 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2020- jıl yanvar-sentyabr aylarinda jańadan ashılǵan juwapkershiligi sheklengen jamiyetler sanı 2 032, bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 161 ti yamasa 92,6% ke kemeygenligin kóriwimiz mumkin.



## Shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




Dizimnen ótken shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler sanı 2020- jıldıń 1-oktyabr jaǵdayına 167 di quraydı, olardan 164 yamasa 98,2 % háreket kórsetpekte. Bul kórsetkish ótken jıldıń usı dáwirine salistirǵanda 22 ge yamasa 115,6 % ke óskenligin kóriwimiz mumkin.

2020- jıl yanvar-sentyabr aylarinda 11 shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemler jańadan ashılǵan.

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha jańadan ashılgan shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında)*



## Kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı,*birlikte*

*(2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına)*

**17 646**
dizimnen ótken

- **1 039** kishi kárxanalar
- **16 607** mikrofirmalar

**16 887**
hárekettegi

- **1 033** kishi kárxanalar
- **15 854** mikrofirmalar

**2 962**
yanvar-sentyabr aylarında jańadan ashılǵan

- **42** kishi kárxanalar
- **2 920** mikrofirmalar

## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı,*birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*



## Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxana hám shólkemlerdiń mamleketler kesimindegi sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına)*




## Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*

| | 2016- jıl | 2017- jıl | 2018- jıl | 2019- jıl | 2020- jıl |
|---|---|---|---|---|---|
| **Jámi** | **65** | **76** | **109** | **143** | **164** |
| *sonnan:* | | | | | |
| **Awıl, toǵay hám balıq xojalıǵı** | 11 | 14 | 31 | 35 | 41 |
| **Sanaat** | 41 | 45 | 54 | 69 | 83 |
| **Qurılıs** | 3 | 3 | 3 | 5 | 6 |
| **Sawda** | 6 | 9 | 15 | 21 | 20 |
| **Tasıw hám saqlaw** | | | 1 | 2 | 1 |
| **Jasaw hám awqatlanıw boyinsha xızmetler** | 2 | 2 | 1 | 3 | 4 |
| **Málimleme hám baylanıs** | | | | | |
| **Densawlıqtı saqlawhám sotciallıq xızmetler kórsetiw** | 1 | 1 | 2 | 3 | 3 |
| **Basqa xızmet túrleri** | 1 | 2 | 2 | 5 | 6 |

## Hárekettegi kárxanahám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*



## Rayonlar kesiminde hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalar sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*

| | Jámi | sonnan: | |
|---|---|---|---|
| | | qospakárxana | shet el qatnasındaǵıkárxanalar |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **164** | **94** | **70** |
| ***rayonlar:*** | | | |
| Ámiwdárya | 5 | 2 | 3 |
| Beruniy | 10 | 3 | 7 |
| Bozataw | 2 | 1 | 1 |
| Qaraózek | 11 | 8 | 3 |
| Kegeyli | 7 | 5 | 2 |
| Qońırat | 7 | 5 | 2 |
| Qanlıkól | 6 | 3 | 3 |
| Moynaq | 28 | 21 | 7 |
| Nókis | 10 | 7 | 3 |
| Taqıyatas | 11 | 3 | 8 |
| Taxtakópir | 6 | 4 | 2 |
| Tórtkúl | 4 | 3 | 1 |
| Xojeli | 4 | 1 | 3 |
| Shımbay | 5 | 3 | 2 |
| Shomanay | 5 | 2 | 3 |
| Ellikqala | 5 | 3 | 2 |
| Nókis q. | 38 | 20 | 18 |

Hárekettegi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń tiykarǵı bólegi Nókis qalasında 38 (jámi sanına ulesi 23,2 %),Moynaq 28 (17,1 %), Taxiyatas hám Qaraózek rayonlarında 11 den (6,7 %) hámde Beruniy hám Nókis rayonlarında 10 nan (6,1 %) tuwra keldi.

## Dizimnen ótken kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




2020- jıl1- oktyabr jaǵdayına dizimnen ótken kárxana hám shólkemler Nókis qalasında (29,1 %), Tórtkúl(10,4 %), Beruniy (8,3 %),Ámiwdárya (7,2 %),Ellikqala (6,2 %), Qońırat (5,4 %), Xojeyli (5,0 %),Nókis (4,6 %), Shımboy (3,8 %),Taqıyatas(3,3 %), Qaraózek (3,1 %), Kegeyli (2,7 %),Qanlıkól (2,6 %), Moynaq (2,5 %),Shomanay (2,6 %), Taxtakópir (2,1 %), Bozataw (1,1 %) rayonlar úlesıne tuwrı keledi.

## Jańadan ashılǵan kárxana hám shólkemlerdiń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında)*

2020- jıl yanvar-sentyabr aylarında jańadan ashilǵan kárxana hám shólkemler Nókis qalasında (22,0 %), Tórtkúl (9,8 %),Beruniy (7,3 %), Xojeli (5,8 %), Ellikqala (6,6 %),Qońırat hám Nókis (5,5 %) dan, Ámiwdárya (6,0 %), Taxiyatas (4,2 %),Taxtakópir (3,7 %), Moynaq (3,8 %), Shımbay (3,6 %), Bozataw (3,5 %), Shomanay (3,4 %), Qanlıkól (3,2 %), Qoraózek hámde Kegeyli (2,9 %) ten rayonlar ıúlesine tuwrı keledi.



## Rayonlar kesiminde hár 1000 shanaraqqa tuwrı keletuǵun isbilermenlik subyektleri sanı[1)]

*(2020- jıl 1 oktyabr jaǵdayına, birlikte)*




## Rayonlar kesiminde hár 1000 adamǵa tuwrı keletuǵun kishi kárxana hám mikrofirmalar sanı[2)]

*(2020- jıl 1 oktyabr jaǵdayına, birlikte)*




*1) 2020-jıl 1-yanvar jaǵdayına rayonlar (qala) puxaralardıń ózin ózi basqarıw organları*
*2) maǵlıwmatı tiykarında jámlengen.*
*2) Turaqlı xaliq sanı 2020-jıl 1-iyul jaǵdayına sawlelendiriledi*

## Hárekettegi shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesiminde sanı, *birlikte*

*(2020- jıl 1- oktyabr jaǵdayına)*




## Hárekettegi juwapkershiligi sheklengen jámiyetiniń rayonlar kesimindegi sanı,*birlikte*

*(2020- jıl 1-oktyabr jaǵdayına)*




2020-jıl 1- oktyabr jaǵdayina herekettegi juwapkershiligi sheklengenj ámiyet rayonlar kesiminde qaralǵanda, Nókis qalasında (35,9 %), Tórtkúl(11,8 %), Beruniy (7,6 %),Ámiwdárya (6,6 %), Nókis(5,9 %), Xojeyli(5,0 %), Qońırat(4,9 %), Ellikqala(4,3 %), Shımbay (3,9 %), Qoraózek (3,5 %), Moynaq hamda Kegeyli(3,0 %),Taxiyatas(2,5 %), Qanlıkól hamda Shomanay (1,7 %), Taxtakópir (1,2%), hám Bozataw (1,3 %) rayonlar úlesine tuwrı keledi.

## Rayonlar kesiminde jámi shet el kapital qatnasındaǵı kárxanalardıń qospa kárxana hám shet el qatnasındaǵı kárxanalarǵa bólistiriliwi

*(2020-jıl 1-oktyabr jaǵdayına, jámine úlesi, % da)*




2017-2021 jıllarda rawajlanıwdıń bes jónelis boyınsha "Háreketler strategiyası"nıń úshinshi tiykarǵı baǵdarı- **xalıq aralıq ekonomikalıq xızmetlerdi jánede rawajlandırıw** bolıp esaplanadı. Shet el investitsiyalar qatnasıwındaǵı kárxanalar sanı ósiwi eń daslep,mámleketdegi siyasiy turaqlılıq hám investitsiya iskerliginiń nızamlı tiykarları jedellesip baratırǵanı menen anıqlama beriledi.

## Jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesiminde sanı

*(2020-jıl yanvar-sentyabr aylarinda, birlikte)*




2020- jıldıń yanvar-sentyabr aylarında jańadan ashılǵan shańaraq kárxanalardıń rayonlar kesiminde qaralgan da Taxtakópir (15,7 %), Ámudarya (11,7 %), Nókis qalası (11,0 %), Tórtkúl (10,8 %), Qanlıkól (9,2%),Beruniy (12,1 %), Taxiyatas ham Ellikqala (5,3 %),Xojeli (4,3 %), Qaraózek ham Nókis (2,9 %), Qońırat (3,0 %), Moynaq (2,7 %), Shomanay (1,6 %), Shımbay (0,8 %), Kegeyli (0,6 %) hám Bozataw (0,4 %) dan rayonlar úlesine iye.

## Rayonlar kesiminde jańadan ashılǵan kichi kárxana hám mikrofirmalar sanı

*(2020-jıl yanvar-sentyabr aylarında, birlikte)*

*2019-jıl 1- sentyabrge salıstırǵanda, % da*






# Kárxanalar hám shólkemlerdiń birden-bir mámleketlik registri




Sırtqı paydalanıwshılar, tikkeley Statistika basqarmasınıń **[www.qrstat.uz](http://www.qrstat.uz)** veb saytında real waqıt rejiminde, soralıp atırǵan yuridikalıq shaxstıń (STIR) kodın kirgizip, informatsiyalardı biypul alıwları múmkinligi belgilep qoyılǵan.

**Statistik registrlarıń juritiw bólimi.**
**Tel.:61 224-92-09**